

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Data dina ieu panalungtikan mangrupa kiriman warga Bandung kana patali marga *twitter* anu kiwari geus jadi *gaya hidup* jalma modérn. Data anu ditalungtik nyaéta kalimah-kalimah dina *twitter* anu dikirim salila bulan Désémber 2013-Januari 2014 anu ngagunakeun *hashtag* (#)ReboNyunda.

Anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta kalimah-kalimah basa Sunda dina *twitter* anu ngagunakeun tanda atawa *hashtag* (#)ReboNyunda. Ieu data mangrupa aplikasi tina Perda Kota Bandung Nomer 2 taun 2013 anu ngawajibkeun makéna basa Sunda unggal poé Rebo. Tina *twitter* salila bulan Desember 2013 – Januari 2014 dijaring sakabéh kalimah nu dikirimkeun. Sakabéh kalimah basa Sunda nu dikirimkeun mangrupa populasi. Sakabéh populasi dijadikeun sampel. Jadi, ieu panalungtikan ngagunakeun sampel total.

3.2 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan mangrupa prosés-prosés anu dibutuhkeun dina ngararancang tur dina prak-prakanna ngalakonan panalungtikan sangkan sagala patalékan bisa kajawab.


Métode panalungtikan nyaéta salasihiji tarékah pikeun ngahontal udagan dina panalungtikan. Luyu jeung pamadegan Arikunto (1998: 150), anu nétélakeun yén métode dina ieu panalungtikan dihartikeun minangka tarékah anu bisa dipaké pikeun ngumpulkeun data.

Dumasar kana éta watesan jeung udagan anu kudu dihontal, ieu panalungtikan téh ngagunakeun Métode Déskriptif sabab ieu panalungtikan baris nganalisis sakabéh data ku cara ngadéskripsikeun. Data anu baris dianalisis dina ieu panalungtikan

nyaéta adegan kalimah anu ngawengku kalengkepan jeung kasalahan kalimah.

Léngkah-léngkah anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta: (1) maca kiriman *twitter* anu ngagunakeun *hashtag* (#)ReboNyunda (2) nyirian adegan kalimah (3) ngadéskripsikeun data, jeung (4) nyieun kacindekan. Katangén dina bagan di handap.

Bagan 3.1 Desain Panalungtikan



3.3 Méthode Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan digunakeun méthode deskriptif analitis, nyaéta méthode panalungtikan anu dimaksudkeun pikeun ngungkulan tur méréskeun pasualan aktual ku cara ngumpulkeun data, masing-masingkeun, nganalisis, sarta nafsirkeun data. (Arikunto, 1998, kc. 225).

Éta métode deskriptif téh digunakeun pikeun ngadéskripsikeun adegan kalimah dina kiriman *twitter* anu dikirim salila bulan Désember anu nggunakeun tanda atawa *hashtag* (#)ReboNyunda.

3.4 Wangenan Operasional

Sangkan ieu panalungtikan téh puguh maksud, tujuan sarta udaganana, di handap baris ditataan heula istilah-istilah anu aya patalina jeung ieu panalungtikan.

- a) Adegan kalimah nyaéta pola kecap disawang tina unsur-unsur pangdeudeulna.
- b) *Twitter* nyaéta média patali marga anu keur meujeuhna dipigandrung ku budak ngora.
- c) #ReboNyunda mangrupa topik dina média patali marga *twitter* anu dikirim ku warga Bandung unggal poé Rebo.
- d) Fungsi kalimah dianalisis tina kalengkepna unsur jeung fungsi pragmatisna.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat anu digunakeun ku digunakeun ku panalungtik dina ngagunakeun hiji métode (Arikunto, 1998: 137).

Instrumén digunakeun sangkan panalungtikan leuwih museur tur leuwih babari diimeutan nepi ka babari diolahna sangkan leuwih babari nganalisisna. Dina ieu panalungtikan instrumén anu digunakeun nyaéta kartu data, sangkan sakabéh data leuwih gampang diolahna. Unggal kalimah anu dikirim kana *twitter* anu ngagunakeun *hashtag* (#)ReboNyunda dipindahkeun kana kartu data.

Dina kartu data aya rupa-rupa informasi nyaéta (1) Alfabét, (2) data kalimah kiriman dina *twitter*, (3) informasi anu dikirim (*tweet*), jeung (4) waktu kiriman (tanggal, bulan, taun). Sangkan leuwih jéntré kartu datana bisa ditén ieu di handap.

Tabel 3.1 Kartu Data

KARTU DATA	
H	(@mang_adei/24/12/2013)
Kiriman : “Hiji mangsa bapana ditanya ku anakna”.	
Tanggal Kiriman : 24 Desember 2013	
Akun anu Ngirim : @mang_adei	
Dumasar kana kalengkepanana kaasup kalimah sampurna.	
Adegan Kalimahna : Hiji mangsa /bapana, /ditanya /ku anakna	
K	U C J

Kalimah di luhur mangrupa kalimah sampurna lantaran diwangun ku Jejer (J) jeung caritaan (C) ogé miboga unsur udagan (U) jeung katerangan (K).

3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Pikeun ngumpulkeun data dipaké téhnik dokuméntasi. Téhnik dokuméntasi dipaké pikeun nyungsi informasi dina néangan jeung ngumpulkeun data. Aya sababaraha tahap dina prosés ngumpulkeun data nyaéta:

- Nangtukeun sumber data anu mangrupa kalimah basa Sunda anu dikirim kana média patali marga *twitter* salila bulan Desember 2013 anu ngagunkeun *hashtag* (#)ReboNyunda.
- Maca kiriman akun *twitter* anu ngagunakeun *hashtag* (#)ReboNyunda.
- Nyirian kalimah dumasar kana kalengkepanana, adeganana tur kasalahanana.
- Nyalin kalimah-kalimah anu geus dikumpulkeun.
- Nyusun kartu data dumasar tanggal kiriman.
- Nyalin kalimah-kalimah tina kartu data.

3.7 Téhnik Ngolah Data

Dina ngolah data digunakeun téhnik analisis unsur langsung, ari léngkah-léngkah ngolah datana kieu:

- a) Mariksa deui sakabéh data kalimah dumasar kana tanggal kiriman.
- b) Méré kode jeung nomer kana data panalungtikan.
- c) Nganalisis data dumasar kana: (1) Kalengkepan kalimah, (2) adegan kalimah.
- d) Ngadéskripsikeun data nu geus dianalisis.
- e) Napsirkeun jeung nyincindekan data.

